



Selebrasyon art nan sezon fèt sa a

Chè Nouyòkè,

Nou nan plen peryòd sezon fèt la. Pou anpil moun, sa a se pi bon mwa nan ane a, plen avèk antouzyas, kontantman, ak selebrasyon. Pou lòt moun, li se yon moman patikilyèman difisil, ki fè nou sonje moun nou te renmen ki mouri oswa lòt difikilte. Kèlkeswa sa sezon sa a reprezante pou ou, mwen espere ou jwenn yon sans kominote ak sipò isit la nan lekòl leta Vil Nouyòk.

Youn nan pi bon fason nou bati kominote nan lekòl nou yo se atravè art. Lè elèv gen yon chans pou pèfòme ak kreye, yo vin fè pati yon bagay ki pi gwo pase tèt yo.

Nan semèn ki sot pase yo, mwen te gen chans wè art an aksyon nan anpil nan lekòl nou yo, soti nan pèfòmans jou ferye yo rive nan selebrasyon fèt fen dane yo. Dènyèman, mwen te asiste yon omaj enkwayab nan lonè Tony Bennett, fondatè Frank Sinatra School of the Arts, kote elèv ak ansyen elèv te chante, danse, ak pèfòme sou mizik chantè lejandè a. Mwen te vizite tou Radio City Music Hall, kote 50 dansè nan lekòl segondè DeWitt Clinton te fè ouvèti espektak Rockettes la! Talan elèv nou yo tou senpleman mayifik.

Mwen gen chans tou pou m gade travay atistik elèv yo chak jou. Biwo santral nou an nan Tweed Courthouse kounye a gen 122 penti ak eskilti elèv fè atravè tout senk boroughs, ke yo chwazi

pami plis pase 1,200 yo te voye nan ekspozisyon art anyèl P.S. nou an. Avan yo te mete yo nan Tweed, yo te ekspoze zèf atistik sa yo nan Metropolitan Museum of Art! Delè pou konpetisyon ane pwochen lan se 2 fevriye—pwofesè yo ka voye travay atistik elèv yo [la a](#).

Mwen envite w li dènye [rapò art nan lekòl](#) nou an epi eksplore plis òf art nou yo sou [sitwèb](#) nou an. Epi menm si ete a se nan kèk mwa toujou, aplikasyon yo kòmanse pou Enstiti Art gratis k ap fèt pandan kat semèn pandan ete a pou elèv k ap antre nan klas 8yèm rive 12yèm ane otòn pwochen an. Jwenn plis enfòmasyon [la a](#) epi aplike nan delè 11 fevriye a.

Pandan nouvo ane a ap pwoche, mwen ta renmen swete tout elèv, estaf ak fanmi nou yo meyève. W ap jwenn pwochen *PS + You* nan imèl ou an 2024!

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Pou tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” ("soutit/CC"). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).